# SARÍGÚL BAHADÍROVA – MILLIY MÁDENIYATÍMÍZDÍ IZERTLEWSHI

(T.Jumamuratov dóretiwshiligi mısalında)

**Qojıqbaeva Ziyada Adilbaevna**

*Berdaq atındağı Qaraqalpaq màmleketlik universiteti, Nókis*

Tariyxtan màlim, qaraqalpaq xalqınıń milliy màdeniyatı, kórkem awızeki dóretpeleri – úlken ǵàziyne. Xalqımızdıń tariyxınıń bir neshe àsirlik ótmishine hàm àdebiyat tariyxına nàzer awdarsaq, awızeki xalıq dóretpeleriniń qaraqalpaqlardağı nusqası dúnyadağı hesh bir xalıqtan qalıspaytuǵın ruwxıy ǵàziynesi ekenligine guwa bolamız. Álbette, xalqımız – sózge usta, shayır, sheshen, dilwar, sazende, qosıqshı, qıssaxan. Usı paziyletdiń barlıǵı bir adamda, XX àsir qaraqalpaq àdebiyatınıń eń kórnekli wàkilleriniń biri Tilewbergen Qupbatulla ulı Jumamuratovta jàmlengen. Ol óziniń pútkil ómirin qaraqalpaq xalqın jırlaw, maqtanısh etip dúnyaǵa tanıtıw ushın arnadı, hasıl dóretpeleri menen poeziyamızdı bayıttı xalıq dórtetpeleriniń, awızeki jańalıqlar endirip, joqarı sheklerge kóterdi, àdebiy jóneliste óz aldına bir dàwirdi júzege keltirip, shayırlıq mektebin jarattı.

Filologiya ilimleri doktorı, professor S.Bahadırova folklortanıwshı-ilimpaz sıpatında T.Jumamuratovtağı bunday iskerlikti «fenomen shayır» dep bahalaydı.

«T.Jumamuratov awızeki yaki jazba usılda júzege kelgen dóretpelerin arabsha jazıwda hàm kirilitsada qaǵazǵa túsirgen. Sebebi, shayır dúnya tanımı eskishe arab jazıwı tiykarında shıǵıs màdeniyatı menen suwǵarılǵan, dàstúriy xalıq poeziyasınan nàrlenip jetilisken shayır. Ol poeziya tilinde sóylewshi orator, dilwar insan edi. Shıǵıs hàm Batıs màdeniyatı dúrdanalarınan, xalıq shayırlarınıń miyrasınan, dàstanlardan mısallardı yadınan ayttı. Sonıń menen birge, óziniń de dóretpeleriniń bàrin, kólemli shıǵarmalardı, hàtteki, poeziyalıq romandı da yadınan aytıp atqarıp beriwi - tań qalarlıq qubılıs, ayrıqsha talant belgisi, àdebiyatımızdağı jańalıq boldı» [Baxadırova S., 2022. – 22 b].

Tilewbergen Jumamuratovtıń dóretiwshiligine nàzer awdarsaq, ol keń profilli jazıwshı. Onıń dóretken poeziyalıq, prozalıq, publitsistikalıq, dramalıq shıǵarmaları qaraqalpaq àdebiyatın janrlıq, tematikalıq, ideyalıq jaqtan bayıttı. Sonıń menen birge kishi poeziyalıq janr – tórtlikler, rubayılardan baslap, lirikalıq sàtirler, termeler, sonetler, balladalar, kólemli syujetli qosıqlar, tımsallar, satira-yumorlıq shıǵarmalar, feletonlar, balalarǵa ertekler, jumbaqlar, poemalar, qosıq-roman sıyaqlı kólemli dóretpege shekemgi erisken bay miyrasın qaldırıp ketti. Onıń 1957-jılı jazǵan:

Saqpan atıp zordı berip hàlǵaqqa,  
Qawın qorıp otır saqta shartaqta.  
Qosıq aytıp júrer edi keliklep,  
Ayapbergen, Ájiniyaz, Berdaqqa.  
– Qayjaqta?

– Aqdàryada, Bozatawda, Moynaqta [Jumamuratov T., 2005. – 9 b], - dep baslana beretuǵın qatarlarında dàstúr hàm jańalıqtıń sulıw úlgisin payda etti. S.Bahadırova onı «lirikanıń jańa túrlerin jaratıw jolındaǵı dàslepki izlenisleri» - dep bahalaydı. Shayırdıń rubayıları, sonetlerin analizley otırıp, sonet janrı dóretiwshiniń kewil-keypin, juwmaqlanǵan oyın hàm usı oyǵa jetelewshi jaǵdaylardı sàwlelendiriw imkaniyatın beriwin atap ótedi. Mısalı:

Hàr birewdiń ayı, jılı sanawlı,
Birim-birim qoparılar gerbishiń.
Jaqsılıǵıń jurt aldında sınawlı,
İzzet penen eńbek etseń el ushın.

Jaslıq dàwran – jalınlanar màhàliń,
Qartayǵan soń qaytıp kelmes bàhàriń [Jumamuratov T., 2005. – 121 b], - degen qatarlar birde mazmun didaktikalıq-filosofiyalıq oylarǵa qurılǵan bolsa, geyde bul waqıyalı mazmunnan shıǵarılǵan juwmaq belgili bir oy-pikirge jeteleydi» [Bahadırova S., 2021 – 64 b], - dep bahalaydı ilimpaz. İlimpaz bildirgen pikirdiń dàlligi sonda, T.Jumamurtovtıń poeziyası tili àpiwayı ǵana juwmaqlanǵan pikir hàr bir insannıń el xızmetindegi girewli ornın bahalawı menen qaysı dàwirdiń oqırmanına da oy saladı.

Shayırdıń ilhàm inertsiyası bul dóretiwshilikte jàne bir túrdiń – syujetli, kólemli qosıqlardıń, erteklerdiń, pútin baslı poeziyalıq romannıń júzege keliwine tiykar bolǵan. Sebebi, ol kólemli mazmundı da poeziyada tàriypley aladı, pikirdi qosıq qatarları menen dawamlay beredi, uyqas penen pikirleydi. Mısalı, shayırdıń «Bir sulıwǵa», «Alaqan» degen qosıqları on bes kupletten, «Ábiw àpsanası», «Bala tuwralı sóz», «Sherniyazdıń duwası», «Suwǵa ketken adam» qosıqları onnan da kólemli. Shayır zúràat bayramlarında miynet jeńislerin qutlıqlaǵanında, «Ámiwdàrya tasqınınday taralıp, shayırlıqtıń sóz bulaǵı aǵıladı».

«Ushqır eken adamzattıń qıyalı, qanatına pútkil dúnya sıyadı» degendey, shayırdıń dóretiwshilik qıyalı sonday keń. Álbette, qosıqtıń bahası onıń kóleminde emes. Shayır tórt qatarlı túrde de úlken filosofiyalıq juwmaqların bildire alǵan. Biraq, «sóz marjanın balalatıp aspanǵa ushırıw», «erkin miynet shad ómirdiń órmeginen» ilhamlanıp, bulaq bolıp aǵıw – úlken talant jemisi ekenligi sózsiz.

S.Baxadırova shayırdıń hàr bir qosıǵına jeke toqtap ótip analiz jasawǵa erinbeydi. Ásirese, «Alaqan» qosıǵındaǵı

Heshpay da joq kózsiz qurǵan duzaqtan,
Alaqanım dastawlı tur basımda.
Naǵız shayır izlemey-aq uzaqtan,
Túrli tema kútip turar qasında.

Jer joldası pàrwaz etip ótsede,
Súysingennen qol shappatlap qalaman.
Adam aspan àlemine ketsede,
Túp tiykarǵı kàramatı – alaqan.

Qastın tikse asqar tawdı jıǵadı,
Jumıp qalsań, zalımlıqqa judırıq.
Muz jarǵıshta alaqannan shıǵadı,
Sayran eter muz dúnyasın qıdırıp.

Nàrestege alaqanın qaqpasa,
Ana bayǵus uyqlatpaydı balasın.
Shayır doslar izlep tema tappasa,
Aldı menen alaqanǵa qarasın! [Jumamuratov T., 2005. – 132 b], - degen qatarları tallaǵanda «Alaqan» qosıǵı shayırdıń óziniń dóretiwshilik haqqındaǵı túsinigine sàykes, yaǵnıy, tek alaqanǵa qaraǵannıń ózinde «júreginde shayırlıq qaynaydı» - dep bahalaydı. Shınında da, shayır qàlbi onıń qosıqlarında jasaydı. Aradan qansha jıllar ótsede, onıń sóziniń kúshi hàm tàsiri sónbeydi. Shayır dóretiwshiligi sarqılmas bulaq, onda àdebiyattıń túrli janrları jàmlengen, onda túrli turmıslıq mashqalaları bar. Shayır olardıń hàmmesin júreginen ótkeredi hàm pikirlerin ashıq bayanlawdan qashpaydı.

El perzentten eter dàme,
Xalıq tilegin biykar deme,
Shayırlıq úlken màrtebe,
Kókke órler kewlim meniń?” [Jumamuratov T., 2005. – 129 b], - degen qatarlarında úlken màni bar. Bul àpiwayı pikirler emes, ol yosh hàm minnettiń sulıw tàriypi esaplanadı.

T.Jumamuratov poeziyasında terme janrınıń ornı úlken. İlimpaz shayırdıń:

Adamzat - adam bolǵalı,
Qolına qural alǵalı,
Jaqsılıq penen jamanlıq,
Bilgirlik penen nadanlıq,
Bir-birine bolıp jaw,
Úzilmedi, jànjel-daw, [Jumamuratov T., 2005. – 30 b] - dep baslanatuǵın «Adamzat» qosıǵın analizley otırıp, «Bul qosıqtıń jàne bir dıqqattı tartar ayrıqshalıǵı - eki qatarlı uyqas túrindegi terme ekenligi hàm usı eki qatar uyqasqa qurılǵan otız qatardı bir kuplet depte qabıllaw múmkin. Sebebi, bul terme, jıraw aytqanda, bir pútin jeliske qurılǵan, bir dem menen aytılarday pútinliktegi jırdan ibarat. Soń jàne eki qatar, óz aldına juwmaq» [Bahadırova S., 2021 – 67 b] dep bildirgen pikirinde

úlken màni bar. Sebebi, pikir ótkirligi, ayqınlıǵın qısqa qatarlarǵa jayǵastıra alıwda úlken sheberlik. Qosıqta ortaǵa qoyılǵan urıs hàm paraxatshılıq màselesi hàr bir tariyxıy dàwir ózinshe sheshiwi tiyis bolǵan àhmiyetli siyasiy-jàmiyetlik màselelerden esaplanadı. Qosıqta shayır tariyxtan jaqsı xabardar, turmıs tàjiriybesi mol, urıstan biyzar bolǵan lirikalıq qaharman obrazın jasaydı. Ol dóretiwshilik miynetke tolı paraxat turmıstı tileydi, adamlardı bir-birin túsinisip tınısh, tatıw jasawǵa shaqıradı. Shayır kótergen urıs hàm paraxatshılık màselesi tap usı kúnlerde de óziniń àhmiyetin joǵaltpaǵanı, ótkirligi menen qunlı.

Shayırdıń tereń filosofiyalık oy-pikirleri «Tariyx», «Quyash», «Aq kúnim» qosıqlarında, «Adam keler-keter dúrkin hàm dúrkin», «Arıslan jatır hàr júrektiń ishinde», «Sabırlılıq-jaqsılıqtıń nıshanı», «Dúnya basta hàmme ushın qurıldı» degen rubrikalardaǵı tórtliklerinde, sonday-aq àjayıp sonetlerinde berilgen. Olardı oqıǵanda ómir hàm insan haqqında tereń oylarǵa talasań, úylesikli uyqaslarǵa, sulıw sózlerge súysineseń. Poeziyanıń tàsir kúshi de usınıń menen ólshenedi. Tilewbergen Jumamuratovtıń qosıqlarında joqarı adamgershilik, àdep-ikramlılıq, insan tàrbiyası sıyaqlı gónermeytuǵın temalar xalıq etikası túsinikleri, shireli xalıq tili menen sàwlelendiriledi. Filologiya ilimleri doktorı, professor, Beruniy atındaǵı màmleketlik sıylıqtıń lauriatı Sarıgúl Bahadırova shayır T.Jumamuratovtıń shıǵarmaların joqarı bahalap, «Tilewbergen shayır miyrasın milliy màdeniyatımızdaǵı úlken bir taw dep aytsaq boladı. Ol óz aldına turǵan qaraqalpaq xalqınıń altın fondı esaplanadı. Bul qubılıstı biz ózimiz tartınbastan moyınlawımız, shayırdıń hasıl dóretpeler avtorı, ullı sóz zergeri ekenligin qayta-qayta tastıyıqlawımız kerek!» [Bahadırova S., 2021 – 78 b], - dep bahalaydı.

Mine, kórinip turǵanınday, Tilewbergen Jumamuratovtıń lirikası tereń pikir hàm tógilip turǵan uyqas úylesimi bolıp tabıladı. Xalıqlar arasındaǵı doslıq, tuwısqanlıq qatnaslar, àsirese, ózbek hàm qaraqalpaq xalıqlarınıń tuwısqanlıǵı, tariyxıy tàǵdirlesligi, ruwxıy jaqınlıǵı, maqsetleriniń birligi ayrıqsha poetikalıq yosh, júrek shabıtı menen jırlanadı. Onıń shıǵarmaları ele keleshek àwlad ushın da xızmet eteri sózsiz.

## ÁDEBIYATLAR:


1. Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи – философия. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2005.

2. Пахратдинов Ә. Халық шайырларында шайырлықтың келип шығыў тарийхынан. – Нөкис, 1980.

3. Баҳадырова С. Миллий мәдениятымызда Тилеўберген Жумамуратовтың феномени // «Қарақалпақстанның мәдений мийрасы» атамасындағы халықаралық илимий-әмелий анжуман материаллары. – Нөкис: Билим, 2021.

4. Kojikbaeva Z.A. The Phenomenon of Tleubergen Zhumamuratov // «Innavasion and Integrity». 06.2022. – c.462-465. http://sjii.indexedresearch.org/